



KARANGAN EKSPOSISI

Temmy Widyastuti, S.Pd., M.Pd.

Pendidikan Bahasa Daerah, FPBS UPI

WANGENAN KARANGAN

Karangan nya eta hasil karya tulis pikeun ngungkabkeun gagasan anu ditepikeun ngaliwatan media tulis sangkan dipikaharti ku nu maca.



Eksposisi nya eta evaluasi kritis kana hiji sawangan. Pamadegan lian ngeunaan eksposisi nya eta karangan anu ngungkabkeun, ngajentrekeun, jeung mere informasi sajas-jelasna ngeunaan hiji hal.

Sarat nulis karangan eksposisi:

1. Pangarang weruh kana naon anu rek ditulisna
2. Boga kamampuh pikeun nganalisis masalah anu rek ditulis kalawan kongkret.

Langkah-langkah nulis karangan eksposisi:

Nangtukeun tema, ngaruntuykeun masalah anu rek dibahas, ngumpulkeun referensi, nyieun rangka karangan, mekarkeun karangan.



Saenyana hal-hal tadi luyu jeung konsep dina *genre based analysis* tea. Gera titenan:

Tujuan Karangan Eksposisi nya eta ngungkabkeun sawangan ngaunaan hiiji isu sarta kudu dibuktikeun bebeneranana.

Struktur Organisasi Karangan Eksposisi

- a. Thesis: isu, sawangan atawa posisi anu nulis
- b. Argumen: sawangan anu ngarojong tesis, anu di jerna ngandung informasi faktual, bukti atawa gambaran anu luyu jeung tesis.



c. Restatement of the thesis: pernyataan atawa kacindekan anu geus diungkabkeun tina data-data mimiti. Sipatna langsung.

Unggal argumen kudu dijembarkeun dina hiji paragraf, satuluyna eta argumen-argumen jeung tesis diringkes dina kacindekkan anu disebut restatement of thesis (Martin dina Emilia, 2011: 104)



Wanda Eksposisi

1. Analytical exposition, tujuanna ngayakinkeun yen hiji isu teh bener atawa henteu, alus atawa henteu, penting atawa henteu, anu gumantung jeung topikna.
2. Hortatory exposition, pikeun ngolo nu maca sangkan milampah hiji hal.

Eksposisi bisa aya dina wangun editorial, essay, biantara, debat, jrrd.

Ari analytical mah *to persuade that*, ari hortatory mah *to persuade to*.



Ciri linguistik karangan eksposisi

- a. Fokus kana topik anu tangtu
- b. Ngagunakeun kecap panyambung: sipatna temporal, upamana: nu kahiji, kadua, ..., pamungkas. Netelakeun sabab: ku kituna
- c. Ngagunakeun kecap pancen
- d. Ngagunakeun sawangan para ahli pikeun ngarojong argumen (referensi)
- e. Ngagunakeun basa anu objektif pikeun ngajen atawa ngaevaluasi



- f. Nerangkeun, ngagambarkeun jeung ngagunakeun bukti pikeun ngarojong argumen, sangkan argumen teh bisa leuwih faktual.
- g. Ngagunakeun kekecapan anu sifatna teknis



Thesis: Aksara Sunda perlu diajarkeun ka budak sakola

Arg 1: barudak sakola wanoh kana titinggal karuhunna

Arg 2: aksara Sunda dipake salaku alat komunikasi
dina mangsana

Arg 3: barudak sakola reueus kana titinggal karuhunna

Arg 4: barudak sakola resep diajar basa Sunda

Restatment: aksara sunda perlu diajarkeun di sakola
sangkan barudak sakola reueus kana budayana, oge
mikaweruh yen dina mangsana, aksara Sunda teh
dipake dina komunikasi tinulis masarakat Sunda.



CONTO TEKS

- A. 1. Jelema penting teh can tangtu jelema hade, 2. beda jeung jelema hade, rek penting rek henteu, geus puguh alus, 3. sararea ge kacida butuhna ku jalma kawas kitu mah (Sunda midang, 3: Januari, 2011).
- B. 1. Puseur pamarentahan ku Ratu Simbarkencana saperti anu geus dicaritakeun ti heula, 2. di alihkeun ka Walangsuji deukeut Buniasih (Mangle, 48: Mei, 2012)



- c. 1. Dina eta acara sabad Jatisura, 2. Dede Yusuf nyaksian tari kontemporer anu dipidangkeun ku barudak satepak Jatisura, 3. muter film saabad Jatisura sarta pidangan musik anu sakabeh alat musikna dijieun tina taneuh liat (Mangle, 9: Mei 2012).
- d. Tong gandeng!

Daftar Pustaka:

Emilia, Emi. 2011. *Pendekatan Genre-Based dalam Pengajaran Bahasa Inggris: Petunjuk Guru*. Bandung: Rizqi Press.

Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Menulis sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: ITB Press.

<http://id.wikipedia.org/wiki/Eksposisi>



DESKRIPTIF

Karangan deskriptif nya eta karangan anu ngagambarkeun hiji objek kalawan gemet (rinci).

Naon anu digambarkeun dina karangan deskriptif teu bisa sagawayah tapi kudu hasil observasi.

Tujuan karangan deskriptif nya eta mere informasi ngeunaan hiji hal atawa hiji jalma.

Struktur organisasi karangan deskriptif:

- a. General statement: nu nulis netelakeun hiji hal anu rek dideskripsikeunna. *Descriptive report* biasana netelakeun kategori umum tina naon anu rek dicaritakeun.



b. Deskripsi: ngagambarkeun sawatara aspek tina topik anu dicaritakeun.

Upamana lamun rek nyaritakeun ngeunaan sato, nu nulis bisa ngadeskripsikeun kaayaan fisik, paripolah, sarta dahareun eta sato.

Ari tujuan descriptive report pikeun ngaidentifikasi ciri tina objek atawa penomena sarta digambarkeun oge ciri sewang-sewanganana.

Tahapan descriptive report:

a. General statement boga fungsi pikeun: ngawanohkeun topik, mere informasi umum



Ngeunaan anu rek dideskripsikeun, ngawanohkeun anu rek dideskripsikeunana.

b. *Description*: mere informasi ngeunaan hiji topik , sarta eta informasi digolongkeun kana sababaraha bagian. Eta bagian rek digambarkeun sacara deduktif atawa sacara induktif.

Ciri Linguistik:

1. ngagunakeun partisipan anu jentre, upamana: Hayam Kuring, Mobil Kuring, jrrd;



2. ngagunakeun kecap pagawean hususna pikeun ngagambarkeun paripolah anu keur dicaritakeun;
3. ngagunakeun kecap partikel (nya eta, di antarana, jrrd)
4. ngagunakeun kekecapan deskriptif, faktual jeung bener, teu imajinatif. Upamana ngagambarkeun fisik jalma, kudu puguh bag-bagbaganana.
5. miboga kekecapan anu sifatna teknis anu diluyukeun jeung barang anu dideskripsikeunana.
6. ngagunakeun gaya tulisan anu sipatna formal jeung objektif.



DAFTAR PUSTAKA

Daftar Pustaka:

Emilia, Emi. 2011. *Pendekatan Genre-Based dalam Pengajaran Bahasa Inggris: Petunjuk Guru*. Bandung: Rizqi Press.

Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Menulis sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: ITB Press.

<http://id.wikipedia.org/wiki/Deskripsi>



NARATIF

Tujuan naratif:

1. nyaritakeun hiji jalma atawa kelompok;
2. nyaritakeun kumaha respon individu atawa kelompok ngeunaan hiji hal;
3. ngaeksplorasi ajén sosial jeung budaya hiji kelompok masarakat anu tangtu;
4. ngahibur nu maca, nyieun kataji nu maca kana naon anu dicaritakeun.



Struktur Organisasi:

- a. Orientasi, miboga fungsi ngawanohkeun hiji karakter sarta dicaritakeun kalawan jentre; Nyaritakeun irahana, dimana, saha, naon, jeung naha (5W+1H).
- b. Complication boga fungsi nyaritakeun masalah jeung nu kajadian;
- c. Evaluation: mere komentar ngeunaan kajadian ku cara mere sawangan kana eta kajadian;



nyadarkeun nu maca kana kajadian anu kaalaman ku karakter nu keur dicaritakeun; jeung nyipta suasana anu nyieun nu maca ngarasa panasaran pikeun maca sarta mikanyaho teks/wacana nepi ka tamat.

d. resolution: ngagambarkeun cara ngarengsekeun masalah

e. coda: ngarengsekeun masalah ku cara mere komentar kana naon anu dicaritakeun.



Ciri Linguistik:

- a. Biasana dibuka ku kekecapan waktu;
- b. Nyaritakeun mangsa nu geus kajadian;
- c. loba ngagunakeun kecap pagawean;
- d. loba ngagunakeun kecap pagawean anu sifatna verbal (saying verb/ verba; processes)
- e. ngagunakeun mental verb (naon anu dipikirkeun/ nu dirasakeun)
- f. Ngagunakeun pernyataan deskriptif



Wangun naratif:

Umumna sifat naratif teh imajinatif, sanajan aya anu faktual. Wangun naratif di antarana: carita rakyat, misteri, carita fiksi, horor, jeung carita cinta.

Daftar Pustaka:

Emilia, Emi. 2011. *Pendekatan Genre-Based dalam Pengajaran Bahasa Inggris: Petunjuk Guru*. Bandung: Rizqi Press.



ARGUMENTATIF

Tujuan karangan argumentasi nya eta ngabuktikeun bebeneran hiji sawangan/ isu ngagunakeun data/ fakta salaku bukti. Unsur data jeung fakta, dibutuhkeun pikeun nguatkeun eta opini.



LENGKAH-LENGKAH ARGUMENTATIF:

1. Issue
2. Arguments
3. Recommendation



Issue: guru basa Sunda rek demo saupamana basa Sunda teu diasupkeun dina kurikulum 2012

Arguments: basa Sunda dianggap teu ngaronjatkeun kualitas atikan siswa, basa Sunda geus cukup dihijikeun jeung mata pelajaran sejen saperti seni budaya

Recomendation: pamarentah (kemendikbud) kudu leuwih merhatikeun pangajaran muatan lokal lantaran patali jeung ngawangun sikep oge etika siswa.



DAFTAR PUSTAKA

Daftar Pustaka:

Emilia, Emi. 2011. *Pendekatan Genre-Based dalam Pengajaran Bahasa Inggris: Petunjuk Guru*. Bandung: Rizqi Press.

